Laaj na Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-: ban bàkkaar moo gën a màgg fa Yàlla? Mu ne: "nga wutal Yàlla ndend te mu bind la

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dollee gërëm- me wax ne: Laaj na Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-: ban bàkkaar moo gën a màgg fa Yàlla? Mu ne: "nga wutal Yàlla ndend te mu bind la" ma ne: loolu de rëy na lool, ma ne ko: topp ca lan? Mu wa ne: "nga ray sa doom; ngir ne dangaa ragal mu lekkandoo ak yaw" ma ne ko: topp ca lan? Mu ne ma: "nga njaalo ak sa jabari dëkkandoo".
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Laaj nañu Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ban bàkkaar moo gën a màgg? Mu wax ne: Ba ca gën a màgg mooy bokkaale gu mag, te mooy nga wutal Yàlla niroowaale ci Yàlla gi mu nekk mbaa ci moomeelam, mbaa ci ay turam ak i meloom, te bàkkaar bii Yàlla du ko jéggale ci lu dul tuub, te bu ca boroomam faatoo sawara lay sax. Topp nit ki ray doomam ndax ragal ab dundam, te ray bakkan dafa araam, waaye bàkkaaram dana gën a màgg bu dee ki ñu ray mbokk la ci ki ko ray, batay bàkkaaram dana gën a rëy bi nga xamee ne jubluwaayu ki ray mooy ragal ne ki mu ray day bokk ak moom wërsëgu Yàlla wi. Topp ca nit ki di njaalo ak jabaru dëkkandoom ci muy jéem a nax jabaru dëkkandoom ba mu njaalo ak moom, Njaalo nag dafa araam waaye bàkkaaram dana gën a màg budee ka ñu njaalool jabaru dëkkandoo la, moom mi nga xam ne Sariiha dafa dénkaane ñuy rafetal jëme ci moom, te fonk ko, te rafetal ànd gi ak moom.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5359